

AVI SOU DWA W POU PATISIPE NAN REGLEMAN AKSYON KOLEKTIF

POU: Tout migran ki te travay nan fasilité ki te konn pake e ki te travay plis pase 40 èdtan pou omwen yon semèn travay pou Defandan yo nan eta Viginia (Virginia) nan dat 1ye Jiyè 2021 ak 30 Jen 2022 (“Manm Gwoup la”).

21 Oktòb 2024

Nan dat 20 Jen 2023, Marie Thermaine Louis ak Monique Bertrand (oubyen ansanm, “Plentif yo”) te pouswiv LFC Agricultural Services, Inc., Kuzzens, Inc., ak Six L’s Packing Company, Inc. (oubyen ansanm, “Defandan yo”) nan tribunal federal nan eta Viginia (Virginia) sou non yo menm ak sèten lòt anplwaye Defandan yo. Nan fè sa, Plentif yo reklame ke Defandan yo pa t peye lè èdtan siplemantè travayè migran ki t ap pake yo te travay pou yo nan Viginia (Virginia) nan dat Jiyè 2021 ak Jen 2022. Defandan yo demandi reklamasyon yo epi yo plede, pamì lòt defans, ke yo te byen peye Plentif yo ak Manm Gwoup la.

Pou evite pèt tan ak depans litij, Plentif yo ak Defandan yo kounye a deside antre nan yon regleman, epi Tribunal la apwouve tèm regleman an (ki gen ladan distribisyon Avi sa a). Tribunal la poko deside si Plentif yo oswa Defandan yo ta genyen pwosè a, epi lefèt ke Tribunal la apwouve Avi sa a pa vle di li te dakò ak reklamasyon Plentif yo oswa defans Defandan yo.

Dapre tèm regleman an, chak Manm Gwoup la gen dwa resevwa yon pèman regleman ki baze sou domaj ki gen rapò ak èdtan siplemantè li/yo swadizan pa peye. Dapre fòmil kalkil ki te gentan fèt e yo dakò ak sa, ou elijib pou resevwa kantite lajan ki endike nan **“ORÈ A”** ki mache ak avi sa. Ou gen dwa ak opsyon kin vin aprè yo:

OU KA PA FÈ ANYEN:	W ap oblige respekte regleman an, W ap resevwa peman regleman w, epi w ap bay Defandan yo tout dwa pou ou pa gen okenn lòt reklamasyon ki gen rapò ak salè ak èdtan ki soti nan Viginia (Virginia) ant Jiyè 2021 ak Jen 2022.
OU KA EKSKLI, RETIRE TÈT OU (“OPT-OUT”):	Ou p ap oblige respekte regleman an, ou p ap resevwa okenn peman nan regleman an, epi ou p ap lage okenn reklamasyon kont Defandan yo. Si ou vle retire oubyen ekskli tèt ou (Opt-out), ou dwe enfòme Administratè Regleman an sou demann pou ou ekskli anvan 11 Desann 2024 . Demann ou dwe ekri epi gen ladan non w ak nenpòt adrès aktyèl, imèl adrès, ak nimewo telefòn. Li dwe siyen epi ou dwe voye bay: ILYM Group, Inc. P.O. Box 2031 Tustin, CA 92781 Telephone: (888) 250-6810 Fax: (888) 845-6185 Email: claims@ilymgrou.com

<p>OU KA OPOZE:</p>	<p>Si ou pa ekskli (retire) tèt ou, ou ka opoze kont regleman an si ou vle fè sa. Lè ou opoze, ou ap mande Tribunal la pou yo pa apwouye regleman an oswa peman regleman yo. Si ou vle opoze kont regleman an, ou dwe depoze objeksyon ou nan Tribunal Distri Etazini pou Distri Lès Virginia anvan 21 Desanm 2024 nan adrès sa a:</p> <p style="text-align: center;">Clerk of Court</p> <p style="text-align: center;">United States District Court for the Eastern District of Virginia - Norfolk Division</p> <p style="text-align: center;">600 Granby Street</p> <p style="text-align: center;">Norfolk, VA 23510</p> <p>Ou dwe voye yon kopi objeksyon an tou bay avoka Plentif yo nan adrès sa a:</p> <p style="text-align: center;">Kristin Donovan, Esq. Legal Aid Justice Center 6402 Arlington Blvd., Suite 1130 Falls Church, VA 22042</p> <p>Ou dwe voye yon kopi objeksyon an tou bay avoka Defandan yo nan adrès sa a:</p> <p style="text-align: center;">Kathryn Bonorchis, Esq. Lewis Brisbois Bisgaard & Smith, LLP 100 Light Street, Suite 1300 Baltimore, MD 21202</p>
----------------------------	---

Nou espere pèman yo pral fèt pou tout moun ki pa ekskli (retire)(Opt-out) tèt yo apeprè mwa Fevriye 2025. Si ou ta prefere resevwa pèman pa Venmo olye pou w resevwa yon chèk fizik ke y ap voye nan adrès ou, tanpri bay Administratè Regleman an enfòmasyon Venmo ou anvan **11 Desanm 2024**.

Yon fwa chèk regleman yo fin ale, Manm Gwoup yo pral gen de san karant (240) jou pou yo depoze oubyen chanje chèk sa yo. Apre 240 jou, Administratè Regleman an ap anile nenpòt chèk ki pa depoze oubyen chanje epi depoze nenpòt lajan ki pa reklame nan Fon Pwopriyete ki pa reklame nan eta Vigini (Virginia's unclaimed Property Fund) nan non Manm Gwoup ki te resevwa pèman yo orijinalman.

Regleman sa a se rezulta negosyasyon ant Plentif yo ak Defandan yo ak avoka respektif yo. Toude bò yo dakò ke regleman sa a jis e rezonab nan sikontans sa yo.

Toude vèsyon odyo Avi sa a an Anglè, panyòl, ak kreyòl ayisyen ak tout akò regleman an disponib sou sit entènèt Administratè Regleman an nan: <https://ilymgroup.com/LFCAGricultal>. Si ou gen nenpòt kesyon konsènan Avi sa a oswa regleman an an jeneral, ou ka kontakte Administratè Regleman an, itilize enfòmasyon kontak ki anwo l la oswa kontakte avoka Plentif yo nan adrès sa a:

Kristin Donovan, Esq.
Legal Aid Justice Center
6402 Arlington Blvd., Suite 1130
Falls Church, Virginia 22042
Cell/WhatsApp: 434-242-1494

Anplis de sa, si adrès ou chanje oswa si li diferan de adrès ki sou anvlòp ki gen avi sa a, tanpri enfòme Administratè Regleman an imedyatman.

PA KONTAKTE TRIBINAL LA NI JIJ LA AK OKEN KESYON SOU REGLEMAN AN OSWA PWOSÈ A.